दिन–गुरूवार दिनांक–19.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ समृद्धि यात्राक बिच मुंगेर जिला मे एक सय उनैस करोड़ टाकाक लागति सँ बनयवला अठहत्तरि परियोजनाक उद्घाटन आओर शिलान्यास कयलनि। एहि बिच ओ जनसभा के संबोधित करैत जनौलनि जे शिक्षाक क्षेत्र मे नव पदक सृजन कऽ शिक्षक सभक बहाली कयल जायत। ओतहि, मुख्यमंत्री श्री कुमार लखीसराय जिला मे तीन सय छब्बीस करोड़ टाकाक लागतिवला दू सय चौवन योजनाक उद्घाटन आओर शिलान्यास कयलनि। एहि बिच जनता सँ संवाद करैत ओ जनौलनि जे जिला मे औद्योगिक क्षेत्रक स्थापना कऽ नव उद्योग लगाओल जायत। जनसंवाद कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे मुख्यमंत्री महिला उद्यामी योजना मे बचल अठारह लाख महिला सभ के शीघ्रहिं दस–दस हजार टाकाक राशि देल जायत।

---

जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ दिल्लीक पार्टीक केन्द्रीय कार्यालय मे अध्यक्ष पदक चुनाव लेल नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। हुनक दिस सँ पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा, राज्य सरकारक मंत्री श्रवण कुमार आओर विधान परिषद सदस्य संजय कुमार सिंह गांधी नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। पार्टीक राष्ट्रीय सचिव आओर मुख्यालय प्रभारी मोहम्मद निषाद जनौलनि जे निर्वाचन पदाधिकारी अनिल हेगड़ेक सोझा नामांकन पत्र दाखिल कयल गेल। नामांकनक अंतिम तारीख बाईस मार्च अछि। एक सँ बेसी नामांकन भेला पर सत्ताईस मार्च कऽ चुनाव होयत। जौं एकहि नामाकन भेल तऽ नाम वापसिक दिन राष्ट्रीय अध्यक्ष परिणाम घोषणा कऽ देल जायत। नव निर्वाचित अध्यक्षक कार्यकाल दू हजार अठाईस धरि होयत।

---

केन्द्र सरकार टोल अनुपालन आओर डिजिटल प्रवर्तन के मजगूत बनेबाक लेल राष्ट्रीय राज्यमार्ग शुल्क नियम– दू हजार छब्बीस मे संशोधन कयलक अछि। आब अधिसूचनाक अनुसार टोल नहि चुकाबयवला वाहन मालिक के इलेक्ट्रॉनिक माध्यम सँ नोटिस पठाओल जायत। सूचनाक जवाब नहि देला पर या टाका जमा नहि कयला पर उपयोगकर्ता सभ के दुगूना टोल शुल्क देबय पड़त।

—————————————————————————

चैती नवरात्रि आइ सँ शुरू भेल। नओ दिवसीय ई पावनि के लऽकऽ प्रदेश भरि मे श्रद्धा आओर उत्साहक माहौल अछि। पहिल दिन आइ कलश स्थापनाक संग मां शैल पुत्रीक पुजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। जिला सँ हमर संवददाता सभ जनौलनि अछि जे नवरात्रि के लऽकऽ विभिन्न मंदिर आओर शक्तिपीठ सभ मे भोरे सँ श्रद्धालु सभक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। दरभंगा जिलाक श्यामा मंदिर, कंकाली मंदिर सहित आनो–आन मंदिर सभ मे श्रद्धालु सभ विशेष पूजा–अर्चना कयलनि। अररिया जिलाक मां खड़गेश्वरी महाकाली मंदिर के आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। एतय कलश स्थापनाक संग पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। कैमूर जिलाक मां मुंडेश्वरी धाम मंदिर मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु सभ पूजा–अर्चना कयलनि। एहि मौका पर राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सैयद अता हसनैन आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार नवरात्रि पर प्रदेशवासी सभ के शुभकामना देलनि अछि।

—————————————————————————

ईदक चान आइ देखल जा सकैत अछि। जौं आइ चान देखल जाईत अछि तऽ काल्हि ईद मनाओल जायत। आइ चान नहि दखला पर ईद शनि दिन मनाओल जायत। उलेमा सभ लोकसभ सँ इमारत–ए–सरिया आओर खानका–ए– मुजीबिया मे बनल कंट्रोल रूप पर चान देखबाक संवाद देबाक लेल जनौलनि अछि।

—————————————————————————

मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक बिच प्रदेशक अधिकतम तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि कमि सकैत अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार एहि दरमियान न्यूनतम तापमान तीन सँ पांच डिग्री सेल्सियस धरि कमि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बिच राज्यक मौसम शुष्क बनल रहत। एहि बिच छत्तीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग कैमूरक भभूआ प्रदेश सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। आनो–आन ठाम तीस डिग्री सेल्सियस सँ ऊपर तापमान रहल।

---

पश्चिम चंपरण जिलाक एडीएम सह– जिला आपूर्ति पदाधिकारी अनिल कुमार सिन्हा जनौलनि अछि जे जिला मे एलपीजी गैस सिलेंडरक पर्याप्त भंडार अछि। ओ जनौलनि जे जिला प्रशासन एलपीजी गैस बांटय के लऽकऽ सक्रिय आ सतर्क अछि आओर आपूर्ति बनल अछि। एम्हर, जिलाक वाल्मीकि टाईगर रिजर्व मे डेढ़ सालक बाघिनक लहास भेटल अछि। वन संरक्षक सीएफ गौरव ओझा जनौलनि जे पोस्टमार्टमक बाद मृत्युक कारण पता चलि सकत।

सहकारिता मंत्री प्रमोद कुमार चंद्रवंशी आइ पटना मे नीति स्टेट वर्कशॉप सीरीज मे दू दिवसीय कार्यशालक उद्घाटन कयलनि। एहि मे दस राज्य सँ आयल किसान प्रतिनिधि आओर निति विशेषज्ञ सभ भाग लऽ रहल छथि।

अररिया जिलाक उप विकास आयुक्त सह जिला चयन समितिक अध्यक्ष रोजी कुमारीक अध्यक्षता मे मुख्यमंत्री श्रमशक्ति योजना मे असिस्टेंट इलेक्ट्रिशियन पद लेल काउंसलिंग भेल।

---

समाप्त